



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN NOUVO PON PORTAGEVILLE LA

Ranplasman Pon Istorik nan Pak Eta Letchworth la ap Pwoteje Rezo Frèt Fewovye Eta a ak Sipòte Konpetivite Ekonomik Global la- Gade Foto yo [Isit la](#)

Investisman an ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finansman nouvo pon frèt fewovye 75 milyon dola ki pase sou vale Rivyè Genesee a nan Pak Eta Letchworth la (Letchworth State Park). Nouvo pon an pral pèmèt Norfolk Southern Railway kontinye ofri sèvis sekirize, nan yon pri konpetitif, ak fyab atravè Rejyon Finger Lakes la. Pon sitiye nan Vil Portage, Konte Livingston, ak Vil Genesee Falls, Konte Wyoming, epi li sipòte inisyativ “Finger Lakes Forward” la, ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an.

“Pwojè enfrastrikti vital sa a pral sèvi pou amelyore efikasite ak kapasite sèvis ray nan rejyon an nan yon fason konsiderab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo pon an k ap pi solid estriktirèlman ap pèmèt pou gen sikilasyon pase sou ray plis pase avan, sa k ap pote kwasans ekonomik vin nan rejyon Southern Tier la pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Nan mwa Desanm 2014, Gouvènè Cuomo te [anonse](#) apwobasyon federal plan ki pou konstwi yon nouvo pon stil ark pou ranplase Pon Portageville istorik la ki pote Liy Chemendfè Southern Tier Norfolk Southern Railway la. Sèvis frèt fewovye a te kòmanse pase sou nouvo pon an Desanm 2017 epi yo te selebre finisman pon an jodi a avèk yon seremoni ki te fèt nan Pak Eta Letchworth la nan Castile, Konte Wyoming.

Yo te idantifye pon an nan Plan pou Ray Tren Eta New York la (New York State Rail Plan) kòm youn nan dis pi gwo bouchon ray nan eta a. Nan lane 2011, Plan Estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la te idantifye ranplasman pon an pami pwojè sou senk lane yo genyen pou retire baryè ki anpeche kwasans ekonomik yo.

Yo te finance konsepsyon ak konstriksyon pwojè 75 milyon dola pon an avèk 59.5 milyon dola fon ki soti nan Norfolk Southern ak 15.5 milyon dola sibvansyon ki soti nan Eta New York la, ki gen ladan 2 milyon dola sibvansyon ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic

Development Council) ak 13.5 milyon dola nan fon Eta ak federal yo te akòde atravè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la.

Yo te konstwi nouvo pon vwa inik lan yon tijan osid ansyen Pon Portageville la ke yo te konstwi an 1875 epi ki te yon karakteristik enpòtan nan Pak Eta Letchworth la pandan plis pase yon syèk. Nouvo pon an gen yon ach ki mezire 483 pye, ki gen yon longè 963 pye, epi ki chita 235 pye de wo sou Rivyè Genesee a.

Nouvo pon an rann livrezon koute mwens epi pi efikas lè yo pèmèt wagon tren yo pou yo konplètman chaje yo, sa ki pa te posib avan paske ansyen pon an te gen restriksyon sou pwa li te ka kenbe. Anplis de sa, tren yo ka vwayaje sou nouvo pon an a 48 kilomèt alè, ki se yon ogmantasyon sou restriksyon 16 kilomèt alè ansyen pon an te ka sipòte a.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta, Paul A. Karas, te deklare, “Bèl nouvo pon fewovye sa a pral ede modènize sèvis frèt fewovye a epi amelyore sekirite ak fyabilite koneksyon enpòtan sa a. Gouvènè Cuomo ap amelyore enfrastrikti transpò toupatou atravè Eta New York la epi nouvo pon an se yon etap enpòtan ki pral ranfòse komès nan rejyon an ak atravè eta a”.

Komisè Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Finisman an nouvo pon fewovye sa a konplèman bote Pak Eta Letchworth la paske vizitè ki vin nan pak la yo pral kontinye emèveye nan youn nan estrikti ki pi enpresyonan k ap travèse vale pitorèsk Rivyè Genesee a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap pran mezi nesèsè ki te lakoz nou gen yon pon fewovye ki pi efikas ki pral sèvi kominote Genesee a ak kominote Finger Lakes la yo pou anpil ane k ap vini ankò”.

Senatè Catharine Young te deklare, “Mwen fyè pou ofri felisitasyon pou Norfolk Southern pou finisman nouvo Pon Portageville la nan Pak Eta Letchworth la. Yon trave mayifik ki konplèman panoram eksepsyonèl Pak Vale Rivyè Genesee a, nouvo pon an pral amelyore transpò frèt la sou Liy vital Southern Tier la nan yon fason konsiderab, pandan l ap ranfòse lyen ekonomik ki gen ant mache ki nan rejyon Midwest ak Nòdès la yo. Avèk gran jan investisman enpòtan Eta New York la ak Norfolk Southern ap fè a yo, li klè ke tout moun te reyalize enpòtans kapital pwojè sa a genyen. Jodi a se yon jou pou nou selebre akonplisman ekstraòdinè sa a, patenarya ki te rann li posib la ak enpak ekonomik fenomenal li pral genyen sou rejyon nou an”.

Senatè Patrick M. Gallivan te deklare, “Dedikasyon fòmèl Pon an Ach Genesee a se yon selebrasyon anpil ane planifikasyon ak anpil travay di. Nou tout ka emèveye de enjenyozite enjenyè ki te konsevwa pon an yo nan yon fason ke li non sèlman ap satisfè bezwen transpò ak sekirite 21èm syèk la yo, men tou l ap restore Rivyè Genesee a pou l vin tounen nan eta natirèl li epi l ap konplèman bote Pak Eta Letchworth la. Nouvo trave sa a pral sipòte ekonomi Southern Tier la pou anpil ane k ap vini ankò epi se yon senbòl avni bryan nou an”.

Direktè Egzekitif Jeneral Norfolk Southern lan, James A. Squires te deklare, “Patenarya reyisi nou vin selebre isit la demontre ke nou ka akonpli gran bagay lè sektè prive a ak sektè piblik la travay ansanm pou yo atenn objektif komen yo. Nouvo Pon an Ach Genesee a se literalman yon pon vè lavni. Li reprezante angajman komen

nou pran pou nou sipòte djòb ak kwasans ekonomik ki pral benefisye biznis ak kominote atravè New York la yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

Liy Southern Tier la se yon lyen frèt fewovye ki transpòte machandiz ant Buffalo ak Binghamton, epi li ofri koneksyon pou al Kanada ak sou zòn Kot Lès Etazini an. Wout la ofri tou koneksyon echanjè pou 11 liy wout tren kout yo.

Reprezantan Norfolk Southern yo ak sis ajans federal yo te travay an kolaborasyon sou pwojè sa a, pami yo Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration); Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Agency); Sèvis Lapèch ak Bèt Sovaj Etazini an (U.S. Fish and Wildlife Service); Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service); Enjenyè Kò Lamè Amerikèn lan (U.S. Army Corps of Engineers); ak Konsèy Konsiltatif sou Prezèvasyon Istorik la (Advisory Council on Historic Preservation). Ajans eta ki te patisipe yo gen ladan Depatman Transpò a; Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation); ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation). Gen plis enfòmasyon ki disponib sou [sitwèb pwojè a](#).

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te envesti deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola. Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)